

# INITE SANTRAL ASISTANS FINANSYÈ – NBHD

«Patien\_num»

## APLIKASYON POU ASISTANS FINANSYÈ AK DEKLARASYON SOU SALÈ

Avèk papye sa, m ap aplike pou asistans finansyè pou sèvis yo ban mwen nan youn nan lokal North Broward Hospital District (NBHD).

Mwen sètifye bagay sila yo: (mete yon kwa sou kote tout sa ki aplikab)

- \_\_\_ Lajan fanmi mwen fè pandan 12 mwa anvan dat sèvis la, pa depase \$«gross\_inc». Eske nou kapab verifye montan lajan sa a? Tanpri chwazi youn: \_\_\_ WI \_\_\_ NON
- \_\_\_ Fanmi an pa resevwa regilyèman lajan chak mwa, ni li pat resevwa lajan regilyèman pandan 12 mwa anvan dat sèvis la, nan men Sekirite Sosyal, Medicaid, yon pansyon, Konpansasyon Chomaj, oswa ankenn lòt sous.

Avèk papye sa a, mwen/nou aplike pou asistans finansyè pou sèvis yo ban mwen/nou nan youn lokal North Broward Hospital District (NBHD) epi mwen/nou sètifye enfòmasyon mwen/nou bay sou papye sa a vre epi kòrèk selon sa mwen/nou konnen. **Avèk papye sa a, mwen/nou bay NBHD ak moun li deziyen otorizasyon pou yo kòmande yon rapò sou kredi konsomatè, epitou verifye lòt enfòmasyon sou kredi mwen. Avèk papye sa a, mwen/nou bay NBHD otorizasyon pou li verifye tout deklarasyon nou fè sou aplikasyon sa a. Mwen bay Broward Health otorizasyon pou divilge enfòmasyon medikal ak finansye mwen/nou bay asosye Broward Health pou yo fè odit.**

Oka noun ki siyen anba a, pasyan an, oswa nenpòt ki lòt moun onon pasyan an, gen dwa pou l resevwa lajan asirans oswa kèk lòt benefis, poutèt sèvis yo te bay pasyan an nan nenpòt ki lokal NBHD, lajan asirans oswa benefis sa yo pwal nan men NBHD pou li peye bòdwo medikal pasyan an. Y ap pran an kont lajan asirans ak lòt benefis anvan yo gade montan asistans finansyè pou yo reyajiste a. Mwen dakò tou pou NBHD oswa nenpòt kilès nan lokal li yo remèt yo resi bay konpayi asirans sa a pou nenpòt ki lajan konpayi asirans la bay, ki fè konpayi asirans la pap gen ankenn lòt obligasyon apre li fin bay lajan li gen pou bay la. Sepandan, moun ki siyen anba a, ansanm ak pasyan, kontinye gen responsabilite pou peye lopital la tout lajan asirans la pa remèt, oka yo denye aplikasyon pou swen endijan.

Mwen/nou konprann tou ke mwen/nou dwe fè NBHD konnen si gen nenpòt ki chanjman nan salè, gwosè fanmi an, asirans, oswa adrès. NBHD gen dwa pou li gade aplikasyon pou swen endijan sa a ankò, si lòt enfòmasyon vin disponib, tankou chanjman nan zafè salè, gwosè fanmi an, oswa adrès. Mwen/nou konnen lè yon moun fè manti oswa lakòz yon lòt fè manti, se yon krim devan lalwa, e sa gen dwa lakòz yon amann oswa prizon pou fwòd epi/oswa paji (Estati Laflorid 837.012. 775.082, 817.50). Epitou mwen/nou dakò pou aplike pou pwogram asirans lokal, leta, oswa federal si mwen/nou gen dwa kalifye pou yo, epi mwen/nou konprann ke si nou pa fè sa, y ap denye aplikasyon an.

NON PASYAN: \_\_\_\_\_

DAT: \_\_\_\_\_

SIYATI PASYAN: \_\_\_\_\_

SIYATI MARI / MADANM: \_\_\_\_\_

NON SIYATÈ A:

(Si se pa pasyan an)

\_\_\_\_\_ (Tanpri ekri non an)

\_\_\_\_\_ (Relasyon avèk pasyan an)

TEMWEN: \_\_\_\_\_

(Reprezantan NBHD)

\_\_\_\_\_ (Dezyèm temwen)